



Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Energy & Environmental Affairs

Department of Environmental Protection

100 Cambridge Street 9th Floor Boston, MA 02114 • 617-292-5500

CHARLES D.
BAKER
Gouvènè

KARYN E. POLITO
Gouvènè Adjwen

Betani A. Kat
Sekretè

Martin Suuberg
Komisè

AVI ODYANS PIBLIK

Avi Odyans Piblik sa a disponib nan lòt lang (Panyòl -- Tiếng Việt -- Chinwa -- Kreyòl Ayisyen -- Pòtigè -- Khmer) sou sitwèb MassDEP nan: <https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>.

Nan dokiman sa a, yo bay yon avi ke Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts (MassDEP), nan otorite li dapre MGL c. 21C, c. 21A, §§ 2 ak 8, ak MGL c. 21C, § 4 pral òganize odyans piblik an konfòmite ak MGL Chapit 30A sou amannman ki pwopoze nan 310 CMR 30.000. *Dechè Danjere*.

Amanman ki pwopoze yo gen ladan egzanpsyon pou pwodui pou sispann fimèn ki gen nikotin ak dechè èbag, règ federal e-manifest la, ak kondisyon pou bwat aewosòl ki jere dapre règ dechè inivèsèl la. MassDEP pwopoze tou pou adopte règleman Ajans Pwoteksyon Anviwònman Ameriken (EPA) ki gen rapò ak detèminasyon konfidansyalite pou dokiman ekspòtasyon ak enpòtasyon dechè danjere, patisipasyon piblik elaji pou etablisman dechè danjere ki gen lisans, ak revizyon teknik nan lis konsèvasyon bwa. Yo pwopoze tou revizyon minè nan egzijans ki egziste deja ki gen rapò ak jwenn nimewo idantifikasyon EPA, règ laboratwa inivèsite yo, ak kalkil estati dèlko a lwil ize.

Yon kopi amannman pwopoze yo ak dokiman referans la disponib sou sitwèb MassDEP nan <https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>

Odyans piblik sa yo pral fèt:

30 janvyè 2023 a 6:00 pm

Enskri davans pou odyans sa a:

https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZYof-6prTMtHNY2pdxHqsK8DJ3_-AFIFh_A

31 janvyè 2023 a 10:00 am

Enskri davans pou odyans sa a:

https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZYvcemqrzMqE9FJfEQP_IPvfhkYsCCDnJVz

1ye fevriye 2023 a 10:00 am.

Enskri davans pou odyans sa a:

<https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZwpfuysqzpkEtOXuhHYWgoF9BTN-yBQAYwv>

1ye fevriye 2023 a 6:00 pm

Enskri davans pou odyans sa a:

https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZckcOCqTMuHtzyS31_DU-21j-tjsxhsO4U

2 fevriye 2023 a 1:00 pm.

Enskri davans pou odyans sa a:

<https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZAsde6qqzIuG9ZvOqiHlqrNjVhDuXnBmpoM>

3 fevriye 2023 a 4:00 pm

Enskri davans pou odyans sa a:

<https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZ0kdumsrTMiE9x2AUE5dMLhFgg7QIw2rWma>

Tanpri rantr nan odyans piblik la sou òdinatè w, tablèt oswa smatfonn ou. Ou kapab tou konekte lè w sèvi avèk telefòn ou. Ou ka prezante temwayaj aloral nan odyans lan. MassDEP pral akseptè kòmantè ekri jiska 5:00 pm nan dat 17 fevriye 2023. Kòmantè ekri yo dwe soumèt pa imèl bay: DEP.Talks@mass.gov oswa pa lapòs bay: James Paterson, MassDEP, 100 Cambridge Street, Boston, MA 02114.

Pou amenajman espesyal nan odyans sa yo, tanpri rele Biwo Divèsite MassDEP nan 617-626-1282. TTY# MassRelay Sèvis 1-800-439-2370. Enfòmasyon sa yo disponib sou demann nan fòma altènatif. MassDEP bay sèvis entèprèt/tradiksyon aksè nan lang pou moun ki pa gen anpil konesans nan lang angle gratis. Si w bezwen yon entèprèt pou patisipe nan reyinyon sa a, ou ka jwenn sèvis tradiksyon nan lyen sa a: <https://www.mass.gov/info-details/massdep-language-translation-assistance>.

Dapre lòd Depatman an
Martin Suuberg
Komisè